МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ – СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА С. КАДГАРОН АРДОНСКОГО РАЙОНА РСО-АЛАНИЯ

| | |
|---|---|
| Рассмотрено<br>на заседании ШМО<br>Руководитель МО<br>_______<br>«3» 09 2022г. | «Утверждаю»<br>Директор МБОУ СОШ с.Кадгарон<br>_______Цоколаева З.Х.<br>«03» 09 2022г |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по предмету
«Родной (осетинский )язык »
3 класс

Учитель : Бдайциева Р.С.

2022-2023 учебный год.
с. Кадгарон

**Ирон авзаг**
**Æмбарынгæнæн фыстæг**

Æртыккаг къласæн «Ирон æвзаджы чиныг» аразгæйæ, нæ размæ сæвæрдтам æрмæст æвзаджы æрмæг бацамоныны хæс нæ, фæлæ скъоладзауты ныхасы хъæд, се сфæлдыстадон хъуыдыкæнынад, сæ дзырдуатон сконд хъæздыг кæныны хæс дæр.

Уымæ гæсгæ ахуыргæнæн чиныджы æрмæг арæзт у афтæ, цæмæй скъоладзаутæн феххуыс уа сæ дзургæ ныхас дæр æмæ сæ фысгæ ныхас дæр рæзын кæнынæн.

Æртыккаг къласы ахуырадон æрмæг фæвазыг-джындæр вæййы, дыккаг къласимæ абаргæйæ. Уыцы зындзинæдтæ хынцгæйæ, скъоладзаутæн цы æрмæг амынд цæуы, уый хъуамæ æмбæрстгонд цæуа бæстонæй æмæ дзуапп дætта ахæм фæрстытæн – Цæмæн хъæуы ацы æрмæг? Цæй тыххæй йæ ахуыр кæнæм?

Цæмæй ацы фæрстытæн дзуапп раттын къухы æнцонæй бафта, уый тыххæй грамматикон æрмæг хъуамæ амынд цæуа лексикон æрмæгимæ æнгом бастæй.

Чиныджы æрмæг лæвæрд цæуы тематикон прин-ципмæ гæсгæ. Ныхасы темæ æмæ æвзаджы æрмæджы темæ кæрæдзиуыл сты æнгом баст, ома скъоладзаутæн грам-матикон æрмæг амынд цæуы бæлвырд ныхасы темæимæ сæ зонгæ кæнгæйæ, зæгъæм: «Миногон» амынд цæуы цæрæгойты цардимæ баст цаутæ, радзырдтæ, æмбисæндтæ, уыци-уыциты бындурыл.

Фæлтæрæнты хæслæвæрдты фæрцы скъоладзаутæн æрмæг цæттæйæ лæвæрд нæ цæуы – фæрстытæ афтæ лæвæрд сты, æмæ скъоладзаутæ сæхæдæг хъуыды кæндзысты æмæ арæхсдзысты хатдзæгтæ кæнынмæ, ома базондзысты термин кæнæ раиртæст; хæслæвæрдтæ сты афтæ арæзт, цæмæй скъоладзаутæ алы уавæрты дæр арæхсой дзурынмæ.

Чиныджы цы тексттæ лæвæрд цæуы, уыдон скъола-дзауты зонгæ кæнынц сæ алыварс царды æцæгдзинадимæ.

Сывæллæттæ базонгæ уыдзысты афæдзы афонтимæ, сæ алыхуызон миниуджытимæ, сæ хицæндзинæдтимæ; скъолайы цардимæ; базондзысты, куыстæн, фæллойæн царды цы стыр ахадындзинад ис, уый; базондзысты, адæймаджы хорз миниуджытæ йе ’гъдауимæ баст кæй сты, уый; базонгæ уыдзысты хъæуккаг æмæ горæтаг цардимæ, сæ хицæндзинæдтимæ, нæ республикæ æмæ нæ бæстæйы зынгæ бынæттимæ, цыртдзæвæнтимæ; сæвзæрдзæн сæм уарзондзинад сæ Райгуырæн бæстæмæ; сахуыр уыдзысты хистæртæн кад æмæ æхххуыс кæнын, æмбалæн аргъ кæныныл; базондзысты бирæ æмбисæндтæ æмæ уыци-уыцитæ.

Ныхасы рæзтыл куыстæн цы уацмыстæ лæвæрд цæуы, уыдонмæ лæвæрд хæстæ æхххæстгæнгæйæ, скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты диалогон æмæ монологон ныхасимæ. Уыдонæн сæ ахадындзинад стыр у, уымæн æмæ кæрæдзиимæ ныхасгæнгæйæ, кæнæ хи хъуыдытæ дзургæйæ, скъоладзаутæ тагъддæр фæцалх вæййынц дзурыныл, баст ныхасы архайыныл.

Æрмæг амынд цæуы бæстон, лæмбынæг, фæлæ къæпхæнгай, урочы алы этап дæр хицæнæй æвзаргæйæ.

Ирон æвзаджы урочы размæ цы нысантæ æвæрд цæуы, уыдон хынцгæйæ ахуыргæнæн чиныджы æрмæг дзуапп дætты ахæм хæстæн: «Куыд арæзт у не ’взаг? «Раст-фыссынад», «Ныхасы рæзтыл куыст».

Скъоладзаутæ базонгæ уыдзысты хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты хицæндзинæдтимæ; дзырдты арæзт æмæ сæ хæйттимæ; арфдæр æмæ уæрæхдæрæй базондзысты ны-хасы хæйттæ æмæ сæ грамматикон æууæлтæ; хъуыдыйады арæзт; базондзысты растфыссынады æгъдæуттæ, сæ бахъуыды кæныны мадзæлттæ.

Чиныг арæзт у афтæ, æмæ уыцы иу урочы скъоладзаутæ, бæлвырд кæцыдæр грамматикон темæ ахуыргæнгæйæ, сæ зæрдыл лæууын кæнынц æндæр æрмæг дæр, ома хъус дард цæуы фонетикон, лексикон, дзырдарæзтон, морфологион, синтаксисон фæзындтæм:

дзырдтæн скæнын мырон-дамгъон анализ; сбæрæг кæнын дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад; сбæрæг кæнын хъуыдыйæдтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ, сæ арæзтмæ гæсгæ; фæбæрæг кæнын дзырды хæйттæ; дзырдтæн ссарын сæ хъуыдымæ гæсгæ хæстæг кæнæ ныхмæвæрд дзырдтæ.

Æртыккаг къласы ахуыргæнæн чиныджы æппæт уроктæ дæр райдайынц ныхасы рæзтыл бакусынæн лæвæрд фæлтæрæнæй. Дарддæр, уыцы фæлтæрæны æрмæгыл æнцойгæнгæйæ, лæвæрд цæуы грамматикон æрмæг.

Методикон амындтытæ лæвæрд цæуынц алы урокмæ дæр. Аминд дзы цæуы, алы фæлтæрæны дæр хъус цæмæ æрдарын хъæуы, уый.

Скъоладзауты цæттæдзинад хынцгæйæ, фæлтæ-рæнтæм лæвæрд хæслæвæрдтæ ис баивæн *(кæнæ бынтон фæуадзæн).*

Кæцыдæр фæлтæрæнтæм лæвæрд цæуы уæлæмхасæн хæслæвæрдтæ æмæ фæрстытæ. Уыдонимæ куыст цæуы ахуыргæнæджы цæстæнгасмæ гæсгæ *(хыгъд цæуы урочы рæстæг, скъоладзауты цæттæдзинад).*

Алы урокмæ дæр лæвæрд цæуы дзырдуатон æрмæг, дзырдты нысаниуджытæ æмбæрстгонд цæ-уынц, ахуыргæнæн чиныджы фæстаг фæрстыл цы «Æм-барынгæнæн дзырдуат» ис, уым.

Ацы методикон амындтытæ лæвæрд цæуынц 3-аг къласы ахуыргæнæн чиныджы æрмæг æнцонæй æмæ методикон æгъдауæй раст бацамоныны тыххæй.

Алы ахуыргæнæгæн дæр йæ бон у йæхи хъуыдымæ æмæ фæндонмæ гæсгæ уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын.

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 710858474967985478426001373498448859431888587333

Владелец Цоколаева Зарема Харитоновна

Действителен С 26.09.2022 по 26.09.2023